ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№199 (23.607) ● 2017 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 17, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий я пашэу республикэм и лIыкIуэхэр хэтащ щIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я XIX Дунейпсо фестивалыр Сочэ къыззрыщызэIуахым теухуа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэр КIуэкIуэ Юрий я пашэу хэтащ щIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я XIX Дунейпсо фестивалыр Сочэ къыззрыщызэIуахым Iэтауэ къыззрыщызэIуахым иращIэкIа гуфIэгъуэ зэхуэсым.

ФЕСТИВАЛЫМ республикэм и лIыкIуэу цIыку 88-рэ кIуащ. Абыхэм яхэтщ еджэнымкI къыхэжаныкIхэр, щIалэгъуалэ зэгуфхэныгъэхэм я пашэхэр. НыбжьыщIэхэм къапэщытщ еджэнымкIэ, щэнхабзэ, спорт я лъэныкъуэкIэ я зэфIэкIыр здынэсыр, я Iуэху еплъыкIэхэр зэрыпхагъэкIыфыр кьагъэлъэгъуэну.

«Апхуэдэ зэхуэсышхуэ дыдэ Сочэ зэрыщекIуэкIыр и щыхьэтщ ди къэралым и лъэщагъым, дунейм абы пщIэшхуэ къыззрыщыхуащIымрэ щIэ Iулыджымрэ. Мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэ апхуэдэ зэхыхьэ иджы ещанэрэ къыззэзыгъэпэщ Урысейм аргуэру егъэпъагъуэ мамырыгъэм, зэдзэлэжьэныгъэм, лъэпкъхэр зэныбжьэгъуным зэрителъхьэр.

Псоми икъукIэ гуапэ ящыхьащ ди къэралым и пашэ Путин Владимир и къэпсэлъэныгъэр. Абы жиIащ цIыхухэр гуапэу зэIуIщIэным политикэ, лъэпкъ, дин е щэнхабзэ зэщхьэщыкIныныгъэхэр зэран хуэхъун зэрыхуэмейр икIи гу къабзагъэмрэ гуапагъэмрэ дзыхь зэхуэмыщIыным и мылыр зэригъэткIуфынур, дунейр ялэжь къуаншагъэхэм, зауэхэмрэ зэныкъуэкъухэмрэ зэращихьумэфынур», - кIыхьигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм.

ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я XIX Дунейпсо фестивалыр Сочэ щекIуэкIынущ жэпуэгъуэм и 14 - 22-хэм икIи ар хуэгъэпсащ дунейпсо щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я къарур мамырыгъэм, зэныбжьэгъугъэм, захуагъэм хуэзщIэгъэIуэным, дунейм къэралу щыIэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным, щэнхабзэ, лъэпкъ зэпыщIэныгъэхэм зегъэужьным, Урысейм теухуауэ нэхъыбэ кьеГъэщIэным, коммерцэм пымыщIа щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэр хамэ къэралхэм къыщызэгъэпэщыным.

ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я XIX Дунейпсо фестивалым хэтщ щIалэгъуалэ 30000 хуэдиз. Абы кърихьэлIащ дунейм и къэрал 180-м я лIыкIуэхэр, зи ныбжьыр илъэс 18-м къыщыщIэдзауэ 35-м нэсхэр. Фестивалым хэту къыззрагъэпэщынущ зэIуIщIэ, зэхыхьэ 450-рэ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

Мы Iуэхур траухуащ Кавказым папщIэ екIуэкIа зауэ гуащIэхэм зэрыщIидзэрэ илъэс 75-рэ зэрырикъум. «Нэмыщ аэродром» - араща зэреджэр Iуащхьэмахуэ и дыгъэмыхьуэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ бгы лъагэм къытет тафэшхуэм.

ЗЭРАIУЭТЭЖЬМКIЭ, а щыпIэм 1942 гъэм и шыщхьэIу - фокIадэ мазэхэм нэмыщ къхуэхльатэхэр къыщыпIысауэ щытащ. Шыщхьэ1уIм и 29-м 2-нэ фочауэ дивизием и штабым мыпхуэдэ хъыбар къыIэрыхьат: «Тафэр нэмыцэхэм къагъэсэбэп, «Фокке-вульф» бомбэзэхьэ кхъухьльатэхэр къыщагъэтIысын папщIэ».

Сытыт абыхэм а щыпIэр зэращынур? ТхакIуэ икIи журналист Котляров Виктор абы тхылъ зыбжанэ триухуащ. Абыхэм ялэджэк щыкIуэ, Ставрополь крайм и авиацэ клубым хэт щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ Iуэхугъуэ щхьэпэ къыззрагъэпэщащ. Мы Iуэхум пасэу зыхуагъэхьэзырат: щIыпIэм и щытыкIэр къэпщытащ, гъунапкъэхъумэхэм ягурыIуащ. Утыкум щаукъуэдиящ ТекIуэныгъэ Иным и Бэракъыр зыхэдикIа щэкI бгъуэшхуэр (метр 20 и кIыхьагъыу, 10 и бгъуагъыу).

Десантым хэтхэр парашюткIэ къыщIэлъэгъуалэ десантыр Iуащхьэмахуэ лъапэ щотIысыкI

● Тхьдэм и лъагъуэхэмкIэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. гъузгу хозяйствэм и лэжьакIуэхэм ехъуэхъуащ я IэщIагъэм епха я махуэшхуэмкIэ

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъузгу хозяйствэм и лэжьакIуэхэу, а Iэнатlэм и ветеранхэу пщIэ зыхуэсщIхэ! Си гуапэу сынывохъуэхъу фи махуэшхуэмкIэ! Фи лэжьыгъэм куэдкIэ елъытащ цIыхухэм я зэIуэпэщ псэукIэр, шынагъуэншагъэр, экономикэмрэ социальнэ Iэнатlэмрэ я зыужьыныгъэр.

Нобэ фи пащхьэ къаIэнышхуэхэр кьитщ Iэнатlэм лэжьэкIэщIэхэр щIэзэтеухуэныкIэ, транспорт зэрызекIуэну гъэзэгущIэхэр укъуэдиинымкIэ. Шэч кьытесхьэркъым фэ абыхэм фIы дыдэу фаззрыпэлъэщынум, республикэм щыпсэухэм яфI зыхэлъ ехъулIныгъэщIэхэр зэрызыIэрывгъэхьэнум. ФIыщIэ фхузощI фяпэ итахэм яхэлъа хабзэфIхэм фызэрытетым, фи лэжьыгъэм фызэрыхуэпэжьым папщIэ.

Узыншагъэ, мамырыгъэ фиIэну, фэри фи унагъуэхэри ФIыгъуэ фыщымыщIэну си гуапэщ», - итщ щIыналъэм и Iэтащхьэм и хъуэхъум.

ЩЭБЭТЫКЪУЭ Дахэуэс.

ПсынщIэу ягъэзэкIуэжащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм я нэIэ щIэту ягъэзэкIуэжащ дуней къэхъуащIэ къыззрымыкIуэхэм я зэранкIэ республикэм и къуажэ зыбжанэм уэздыгъэ зэрамыIам пыщIа ныкъусаныгъэхэр.

ДЫГЪУАСЭ пщэдджыжьым жьышхуэ къепщэу пкъохэм кIапсэхэр зэрыщIэзтрилъхьэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъузгу хозяйствэм и лэжьакIуэхэу, а Iэнатlэм и ветеранхэу пщIэ зыхуэсщIхэ! Си гуапэу сынывохъуэхъу фи махуэшхуэмкIэ! Фи лэжьыгъэм куэдкIэ елъытащ цIыхухэм я зэIуэпэщ псэукIэр, шынагъуэншагъэр, экономикэмрэ социальнэ Iэнатlэмрэ я зыужьыныгъэр.

Нобэ фи пащхьэ къаIэнышхуэхэр кьитщ Iэнатlэм лэжьэкIэщIэхэр щIэзэтеухуэныкIэ, транспорт зэрызекIуэну гъэзэгущIэхэр укъуэдиинымкIэ. Шэч кьытесхьэркъым фэ абыхэм фIы дыдэу фаззрыпэлъэщынум, республикэм щыпсэухэм яфI зыхэлъ ехъулIныгъэщIэхэр зэрызыIэрывгъэхьэнум. ФIыщIэ фхузощI фяпэ итахэм яхэлъа хабзэфIхэм фызэрытетым, фи лэжьыгъэм фызэрыхуэпэжьым папщIэ.

Узыншагъэ, мамырыгъэ фиIэну, фэри фи унагъуэхэри ФIыгъуэ фыщымыщIэну си гуапэщ», - итщ щIыналъэм и Iэтащхьэм и хъуэхъум.

ЩЭБЭТЫКЪУЭ Дахэуэс.

● Зэ1ущIэхэр

«ДыгъафIэ къалэм» и гъэсэнхэр Парламентым щохьэщIэ

КЪБР-м и Парламентым иджыблагъэ щызэIущIащ депутатхэмрэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий творчествэмкIэ академием хэт социально-экономикэ классым щеджэ ныбжьыщIэхэмрэ. «Парламент сыхьэтым» къриубыдэу ирагъэкIуэкIа Iуэхугъуэм лъабжьэ хуэхъуар Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ я лъэпкъхэр зэрызэкъуэгъуэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъуарщ.

ЕГъЭДЖЭНЫГъЭМКIЭ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ комитетым и унафэщI **Азычэ Светланэ**, Ухуэныгъэмкlэ, ЖКХ-мрэ гъэсэныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ комитетым и унафэщI **Гриневич Валерий**, Социальнэ политикэмкIэ, лжьыгъэмкIэ, узыншагъэр хуэмэнымкIэ комитетым и унафэщI **Къэжэр Хьусен**, КъБР-м и Парламентым и щIалэгъуалэ палатэм и лIыкIуэу УФ-м и Къэрал Думэм щыIэ **Ащхъуэт Алинэ** сымэ ныбжьыщIэхэм епсэлъащ.

ЗэIущIэм и пэублэу Азычэ Светланэ еджакIуэ цIыкIуэхэр щигъэгъуэзащ ди республикэм парламентаризмэр зэрыщызэтеуваи и тхыдэм, щIыналъэм щыIэ хабзэгубзыкI Iэнатlэм къиКIуа Iуэгъуэнэм мыхьэнэзэ щызиIа Iуэхущ1апIэхэм. Апхуэдэу ар тепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым хьихьэ политикэ къудамэхэм я ухуэкIэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм щыIэ хабзэгъэувэхэм хуаIэ пыщIэныгъэхэмрэ Iуэхутхьэбзэкlэ закъыхуэзыгъаэз цIыхухэм зэрадзлажьэ щIыкIэмрэ.

- Си гуапэу къыхэзгъэщIынут къыдэкIуэтей щIэблэм щIэхщIэхыурэ яIущIэныр хабзэ дахэ тхуэхъуауэ зэрыщытыр, - жиIащ Азычэ Светланэ. - Абы мымащIэу и фIыщIэ хэльщ езы щIалэгъуалэми: жэрдэмрэ жыджэрагъэрэ къагъэлъагъуэ, яфIэхьэлэмэту зэIущIэхэм къокIуэ, зэIухау депутатхэм йопсалъэ, лэжьыгъэм и пIалъэ зрагъащIэ.

ЗэIущIэр «упщIэ - жэуап» щIыкIэм тету щытащ. НыбжьыщIэхэр Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым щIэупщIэрт. Абыхэм ящIэну хуейт, псалъэм папщIэ, ЩIалэгъуалэ палатэм и лэжьыгъэм и гъэпсыкIэр, ЖКХ-м и тарифхэр щызэхагъэувэкIэ лъабжьэ хъур, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ зэрызрагъэужь Iэмалхэр, дунейм и къэхъукъащIэ шынагъуэхэм япэщIэтыныгъэ абы къыздахь насыпншагъэхэр гъэзэкIуэжьныкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэмрэ. КьищынэмыщIауэ, парламентархэмрэ школакIуэхэмрэ тепсэлъыхьащ 3ыуэ щыт къэрал экзаменхэм я екIуэкIыкIэм халъагъуэ гугъуехьхэм, республикэм щыIэ транспорт Iэнатlэм и къызэгъэпэщыкIэм, хабзэм темыту кърагъажьэ ухуэныгъэхэм, нэгъуэщIхэми.

Хабзэуэбзыхухэм я гуапэу къыхагъэщащ ныбжьыщIэхэм щIэныгъэ хъарзынэ зэрабгъэдэлъыр, мыхьэнэшхуэ зиIэ, зэгупсысыпхъэ Iуэхугъуэхэр еджакIуэ цIыкIухэм къызэрагъэтыр. Парламентархэр абыхэм ехъуэхъуащ адэкIи зэфIэкI лъагэхэр кьагъэлъагъуэу я еджапIэр къаухыну.

Хабзэ зэрыхъуам тету, хьэщIэ цIыкIухэм Парламентым и унэр кьрагъэплъыхьащ, фэеплъ сурэти зытрагъэхащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Къулыкъу

Эльбрус къуажэм и унафэщI Согаев Магомед

Эльбрус къуажэм щыпIэ самоуправлениемкIэ и Советым и 16-нэ сессием къыщащта унафэм ипкъ иткIа, апхуэдэуи Эльбрус къуажэ жылагъуэм и Уставым и 38-нэ статьям тету, муниципальнэ зэгухьэныгъэм и унафэщIу хахащ Согаев Магомед.

СОГАЕВ Магомед абы и пэкIэ лэжьащ Эльбрус къуажэм щыпIэ самоуправлениемкIэ и Советым и унафэщIым и къуэдзэу.

Согаев Магомед Зейтун и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэ Налшык 1984 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м къыщалъхуащ. 2005 гъэм абы Кавказ Ищхьэрэ техническэ институтым и юридическэ къудамэр «юриспруденцИя» Iэщ1агъэр иIэу биущ1ащ. 2001 гъэм лэжьэн щIидзащ. Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыпэрытащ «Юсенги» пансионатым, «Эльбрус участковэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм епхауэ лажьэ, кьалэн куэд щызэфIагъэкI щIалэгъуалэ центрым. 2008 гъэм къыщыщIэдзауэ Эльбрус къуажэ жылагъуэм щыпIэ самоуправлениемкIэ и Советым и депутатщ.

ТАРИМ Алисэ.

Бжьыхьэ лэжьыгъэр йокIуэкI

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм хьэцэпэцэрэ гъавэзкIыбу тонн 1 мелуаныи нэблагъэ кърахьэлIэжащ. ХадзэкъэкIымрэ мэракIуапIэмкIи я Iуэхур Iеякъым - кIэрыхьунщэу и пIалъэм Iуахыжар тонн мин 13-м нэсзрохьэс.

ПСОМ ХУЭМЫДЭУ гъэдз бэгъуа щыIуахыжащ Прохладнэ, Май, Бахьсэн щыналъэхэм. Мы гъэр ахуэIеякъым Лэскэн, Аруан районхэми. Бжьыхьэсэ гуэдзым и закъуэ ди республикэм гектар мин 35-м щIигъу щиубыдащ. Абы и Iухьижыгъуэм зы гектарым хуэзэу къытрахащ центнер 37-м нэс. 2016 гъэм а бжьыгъэ центнер 35-уэ щытащ. Бжьыхьэ хэгъуэр ди республикэм къыщрахьэлIащ мэкъумэш техникэ 300-м.

Гъэдз тонн мин 90-м нэс зыхуей щыхуагъазэ Прохладнэ, Май щыналъэхэм, бжьыхьэ зэн-сэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр щызэфIах. Механизаторхэр мыгувэу иужь ихьэнущ щыгъэпшэрхэкIэ хьэсэпкъэхэм елэжьыным.

МэкъумэшыщIэхэм мы зэманым нартыхумрэ сэхуранымрэ щыIуахыж. Джылахьстэней, Лэскэн, Аруан щыналъэхэм.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● ХъыбарегъащIэхэр

Симфоническэ макъамэмкIэ VI дунейпсо фестивалым, Темыркъан Юрий и цIэр зезыхьэм, фрагъэблагъэ

Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Щэнхабзэмкlэ я министерствэхэм фрагъэблагъэ Симфоническэ макъамэмкIэ VI дунейпсо фестивалым, Темыркъан Юрий и цIэр зезыхьэм.

2017 ГЪЭМ жэпуэгъуэм и 23-м фестивалыр гуфIэгъуэкIэ къыззIуахынущ. Къэрал макъамэ театрым и сценэм зыкъыщигъэлъэгъуэнущ «Урысеймрэ и лъэпкъ щIэин» саугъэтыр зыхуагъэфэща Гужов Михаил.

«Бас на бис» программэм щагъэззщIынущ Шаляпиным и репертуарым къыхаха Iыхьэхэр, Верди, Даргомыжскэм, Чайковскэм я оперэхэм щыщ ариехэр, Глинкэ, Танеевым, Рахманиновым, Свиридовым я романсхэр.

ЩыщIидзэнур сыкьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ.

Фестивалым нэхъ зыубгъуауэ ущыщIэупщIэ хъунущ мы телефонхэмкIэ: 77-42-08, 42-43-13.

Псэущхьэу, къэкIыгъэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Тхылъ плъыжьым итхэн хуейкэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Тхылъ плъыжьым къихыжьн хуейкэмрэ убзыхуным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

№178-ПП ***2017 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м Налшык къалэ***

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Тхылъ плъыжьым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №47-РЗ-м, 2003 гъэм накъыгъэм и 8-м къащтам, ипкъ иткIэ, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Тхылъ плъыжьым ихуапхъэхэмрэ абы кърахьжьыпхъэхэмрэ убзыхуным, кIуэдыжьынкIэ шынагъуэ къащхьэщыхьауэ къалъытэу абы иратхазэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыпсэухэм (кьыщыкIхэм) якIыльыплъыныр и пщэрлъыбу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм жэпуэгъуэм и 21-м къыщта унафэ №676-мкIэ ведомствэхэм эздайуэ къызэрагъэпэща комиссэм ищIа унафэм тету, Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэщтэн мы унафэм щыгъуэху:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Тхылъ плъыжьым итхэн хуей псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ я спискэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Тхылъ плъыжьым къихыжьн хуей псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ я спискэр.

2. Къару имыIэжу къэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Тхылъ плъыжьым иратха псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ я спискэр убзыхуным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм накъыгъэм и 28-м къыдигъэкIа унафэ №170-ПП-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1

МУСУКОВ Алий.

НОБЭ

♦Къулейсызыгъэм ебэныным и дунейпсо махуэщ.

♦1740 гъэм Беринг Витус и экспедицэм хэтхэм Петропавловск-Камчатский къалэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ.

♦1902 гъэм Детройт (США) къалэм къыщыщIагъэкIащ ялэ «Кадиллак» автомобилыр.

♦1905 гъэм Урысейм и ялэ Къэрал Думэр зэхъыхьащ.

♦1918 гъэм дунейм щыяпэу Москва къыщызэIуахащ сабийхэр зэрыджэгу хьэпшыпым и музей.

♦1938 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэкlэ ягъэуващ «Хахуагъэм папщIэ», «Зауэм къыщыгъэлъэгъуа зэфIэкIым папщIэ» медалхэр.

♦1945 гъэм СССР-м къыхагъэхьащ Кёнигсберг къалэр, абы къедза щыналъэхэри щыгъуу.

♦1961 гъэм Къэрал Кремль Уардэунэр къызэIуахащ. 1992 гъэ пщIондэ абы зэреджэу щытар Съездхэм я Кремль Уардэунэ жиIэущ.

♦1990 гъэм «Внешторгбанк»-р къызэрагъэпэщащ. Иджыпсту ар ВТБ банкыщ.

♦Маршал, Совет Союзым тIэунейрэ и Лы-хьужь, 1967 - 1976 гъэхэм СССР-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министру щыта **Гречкэ Андрей** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Тохъуэтэмыщ Хъызыр** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, публицист, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Котляров Виктор** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 13, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Ахъшэр пшахъуэщ, гъащIэр пцIащхъуэщ.

Мэкъумэшыщ1эхэм мы зэманым нартыхумрэ сэхуранымрэ щыIуахыж. Джылахьстэней, Лэскэн, Аруан щыналъэхэм.

● УФ-м и Къэрал Думэм

Бюджет мылькур къыдигъэхуэну?

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат, Мэкъумэш Іуэхуэмкіэ комитетым хэт Быф Анатолэ «Ветеринарием и Іуэхукіэ», «Къэкіыгъэхэр карантин зэращым и Іуэхукіэ» Федеральнэ законкэм зэхъуэкіыныгъэ хэзылъхьэ Федеральнэ законкэм я проектиті игъэхьэзыращ. Щыхэплъэн папщіэ, ахэр Къэрал Думэм къыщыхаплъхьащ.

Быф Анатолэ

УРЫСЕЙ Федерацэм «Ветеринарием и Іуэхукіэ» и Законым зэхъуэкіыныгъэхэр хэлъхьэным тетуха федеральнэ законым и проектыр тещіыхьащ псэушъхьэхэм я сырьемрэ продукцэ хьэзырымрэ электрон ветеринар сертификацэ зэращі системэр (ЭВС) щыІэп псоми зэдыщІэкІыу щызэтеубІэным икІи фейдэ пылъу къэгъэсэбэпным. 2015 гъэм ЭВС-м хуэкІуэнырэ кІэлъыплъыныгъэм щІэт продукцэм дэщІыгъу ветеринар тхыльхэр зэратх щыкІэр нэхъ къызэрыгуэкІыу щытын, а документхэм я пэжагъэр зыхуэдэр кІалъытэн, апхуэдэу я кІэлъыплъыныгъэм щІэт продукцэм щагъэхьэзыра е нэгуэщІ щыпІэхэм къыдираша дыдэм щегъэжьауэ щэхуэкІуэхэм мя дежь нэсыхункІэ я нэІэ тетын зэрыхуейм. Къэгъэльэгъуапхъэщ 2018 гъэм щІышылэм и 1-м къару зыгъэтыну федеральнэ законым ипкъ иткІэ, продукцэм дыщІагъу ветеринар тхыльхэр электрон Іэмалкіэ фІэкІа ятхыу зэрамыдэнур.

Абы къыдэкІуэу, Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм къызэрыщалъытэмкІэ, ЭВС системэр хэпщэным теухуауэ УФ-м и щІыналъэхэм я гъэзэщІакІуэ властым и органхэр зыхунэсахэм ятепщІыхьмэ, ветеринар сертификацэр электрон Іэмалкіэ зэращІынум язныкъуэ щІыпІэхэр хэзыхьэзырхьым. Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм зэрыщыжаІамкІэ, къэралым и щІыналъэхэм я нэхъыбэм ЭВС системэм хуэкІуэнырэ нэгъэсауэ щыІэзэтеувакъым. КъищынэмыщІауэ, УФ-м и Президентым дех Хьэрычэтыщіэхэм я хуитныгъэхэр хъумэныжмкІэ щыІэ уполномоченнэмрэ Іуэхур зэхьэлІа зэгухьэныгъэхэмрэ къыззыхьагъэщымкІэ, Іэнатіэ кІэдыр абы елІаліэркъым.

Къэрал властым и къудамэхэмрэ Іуэхур зэхуэсыр ветеринар кІэлъыплъыныгъэм щІэт продукцэ зэгъэхьэзырхэмрэ я Іуэху елпъыкІэм тещІыхьауэ, федеральнэ законым и проектым къыхелъхьэ:

- 2018 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ ветеринар сертификатхэр электрон Іэмалкіэ фІэкІа ятыну хуимыту кьыщыгъэльэгъуа федеральнэ законым къару щигъэтыну пІалъэр 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ягъэІэпхъэуэну;

- зыпэмыльэщыну гуэзвэгъуэ къальыкъуэкІрэ (дунейм и къэхъуэкащІэхэр, мафІэсхэр, уз шынагъуэ къьхьхьэмэ, нэгъуэщІ къызэрымыкІуэ щытыкІэ къэхуІэ) ветеринарием и федеральнэ къэрал хъыбарегъащІэ системэр къагъэсэбэпыну Іэмал ямыгъэтмэ, апхуэдэу продукцэ къыщІэзыгъэкІым «Интернет» телекоммуникацэ сетым зыпимыщІэфынумэ, къэрал ветеринар кІэлъыплъныгъэм щІэт продукцэ зыгъэхьэзырхэм ветеринар сертификатхэр къызэрыгуэкІ тхылькІэ ятыну хуит щыІн.

УФ-м и Къэрал Думэм мы федеральнэ законым и проектыр къищтэмэ, электрон ветеринар сертификацэ зэращІ системэр хэпщэным, фейдэ пылъу къэгъэсэбэпныным зэран хуэхъу лъэпощхьэпохэр къызэрагъэкІын щхьэкІэ, къэрал властым и къудамэхэмрэ продукцэ къыщІэзыгъэкІхэмрэ зэман лей яІэнущ.

УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Быф Анатолэ и адрей законубзыху жэрдэмыр зытеухуар мыраш. Зэрауб-зыхуамкІэ, «Къэкіыгъэхэр карантин зэращым и Іуэхукіэ» федеральнэ законым ипкъ иткІэ, лабораторэ къэпщІыгъэхэр ирагъэкІуэкІын папщІэ, мы зэманым Урысей Федерацэм къашэ продукцэхэм я щапхъэхэм (образец) хуэзэр 2018 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ федеральнэ бюджетым и хьэкъкІэ зэкІэльаГъэкІуэн хуейт. Мыпхуэдэ щхьэусыгуэхэм къыхэкІыу, 2025 гъэм щІышылэм и 1 щІондэ я пщащІым къару щигъэтыну пІалъэр ягъэІэпхъуэну законопроектым къыхелъхьэ:

Карантин зэщІэкІыпхъуэ къашэ продукцэхэр зыхуэдэр зохагъэкІыу илъэс къэс экспертизэ мин 830-м щигъу ирагъэкІуэкІ. Урысейм Мэкъумэш кІэлъыплъыныгъэмкІэ и Іэнатіэм къызэрильытэмкІэ, федеральнэ бюджетым щыщу мылькушхуэ абы щхьэхуэу хухахыу хуей хъунущ. Ауэ зи чэзу илъэсищ бюджетым зэрыхущыщІынум къыхэкІыу, а кьалэнныр нэгъэсауэ яхузэмыгъэзэщІэныр хэльщ. МылькуКІэ зэхуримыкъумэ, карантин зэщІэкІыпхъэу Евразие экономикэ зэгухьэныгъэм зэуІуу щызэкІэлъыхьа къэкІыгъэхэр диагностикэ яхузэщІынукъым икІи къэралым и щІыналъэм зыщІагъбгъунущ. Абыхэм я зэранкІэ, бэвагъым кІэричыну, нэгъэщІ щІыпІэхэм едгъашэм кІэрыхунущ, езыхэр гъэкІуэдыным, земыгъэужьыным мылъку лей текІуэдэнущ. Апхуэдэу карантин зэщІэкІыпхъэу къашэ продукцэхэр Урысей Федерацэм и федеральнэ бюджетым и хьэкъкІэ лабораторэхэм къыщыпщытэныр дуней псом къыщымыхъуа Іуэхущ. Ар хамэ къэрал Іэнатіэхэм зэрадэІэпыкъу Іэмалхэм ящыщ зыуэ хьэлІэныгъэ хъунущ.

Быф Анатолэ игъэхьэзыра законопроектым ди деж къашэ продукцэхэр ахэр зейм я къэкъкІэ къызэрыщыпэ щыкІэр ехьумэ. Абы федеральнэ бюджетым кьыдегъаХэу, къищынэмыщІауэ, къэкІыгъэхэр карантин щыныкІэ лъэпкъ зэхуаку зэдзлэжьныгъэм и хабзэ гъэунэхуахэм сыткІи йоззэгъ.

ЕлЪКЪЭН Артур.

● Фэепть

Корчагин Иван и хахуагъэр

Налыык къалэ дэт курыт еджапІэ №30-м къыщызэІуахащ абы щеджа, 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м зи къалэн зыгъэзащІэу хэкІуэда, къэрал кІэуцІ къулыкъум и прапорщик Корчагин Иван и мемориал пхъэбгъу.

ПЭКІУМ хэтащ Урысей ФСИН-м и Іуэхущ Іа Іэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ, къэрал кІэуцІ къулыкъум и полковник Мэрэзкъу Мухьэмэд, республикэ УИС-м и ветеранэр, УФСИН-м и лэжьакІуэхэр, хэкІуэдам и Іыхьлыхэр, школым и еджакІуэхэр.

- Хабзэхъумэ органхэм ущылэжьэныр тыншкъым, абы къыпхуегъэуэ лІыгъэ, сыт хуэдэ щытыкІэми укъызэрикІыфын къару пхэпъын хуейуэ. БзаджащІэхэм япэщІэтын Іэнатіэм пэрытхэр махуэ къэс хэхуэнкІэ мэхъу я гъащІэм дежкІэ щынагъуэ зыпылъ Іуэхуэхэм. Корчагин Иван лІыгъэ къитэлъэгъуащ жылагъэм и сэбэп зыхэлъхэр ихъумэурэ. Мис апхуэдэ цІыхухэм я фІыгъэкІэ ди республикэ дахэм мамыру дыщІепсэну, дыщІлэжьэну, дыщеджэну, уэрамым дыщІэзекІуэну Іемал диІэщ, - жиІащ Мэрэзкъу Мухьэмэд, пэкІур къыщызэІуихьэм.

Пэкіум къыщыпсэлъащ Корчагин Иван фІыуэ зыщІыхуу щытхэри. Абыхэм ящыщІ еджапІэм и унафэщІ Темыр Ларисэ, Иван и ятІэ егъэджакІуэ Ющенкэ Любовь, урысыбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэ Щхьэгъэпсо Маринэ сымэ. Абыхэм еджакІуэхэр къыхураджащ Корчагин Иван далъэгъуа хьэлхэр зыхалъхьэну - я къалэным хуэпэжыну, щІыхьыр ямыгъэупъиину, хахуэу щытыну. А псоми я щІэдзапІэщ дисциплинэр, нэхъыжьхэм пщІэ яхуэщІынныр.

Фэепть мемориал пхъэбгъур къызэІуахащ Иван и анэ Артюховэ Ириндэ КъБР-м щыІэ УФСИН-м и ветеранхэм я советым и унафэщІ Кучменов Мухьтаррэ.

Къызэхуэсахэм, лІыхъужьым и фэеплъым пщІэ хуащІу зы дакъикъкІэ щыму щыпти, фэеплъ пхъэбгъум деж удгъэгъахэр ягъэтІылъащ. Еджакіуэхэм, хабзэмрэ пэжыгъэмрэ щІэбэнэжьм ящІэгъуэ лІыхъужьыгъэм техууа усэхэм къеджэри, шар гъэпщащхэр яутІыпщащ.

Корчагин Иван Павел и къуэр 1982 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м къалъхуащ, уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іэнатіэм лажьэн щыщІидзащ 2005 гъэм и фокІадэм. 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м бзаджащІэхэр УФСИН-м щытеуам язэ щытыпхъар аращ. Къигъэльэгъуа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщІэ, УФ-м и Президентым и унафэкІэ Корчагиным ЛІыгъэм и орден мыпсэужу къыхуагъэфэщащ.

КъБР-м щыІэ УФСИН-м и пресс-Іуэхущ Іа Іэ.

● Шэджэм щІынатъэ

ЩІэх хьэзыр хъунукъым

Ипэкіи и гугъу фхуэтщІауэ щытащ Шэджэм псым телъ лъэмыжым и сэмэгурабгъу лъэныкъуэм сэкъатышхуэ зэриГуэтам, абы къыхэкІыу ар зэрызэхуащІам.

«КАВКАЗЫМ и гъэзугъэмкІэ Управленэ» федерал Іуэхущ Іа Іэм и инженер нэхъыщхьэ Крестин Дениса хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, ухуэныгъэм ехьэлІа проектым 2018 гъэм и гъатхэпэм ирихьэлІэу хэплъэнущ. Абы иужькІэщ ухуэныгъэм текІуэдэну ахъшэр зыхуэдизыр щагъэбелджылынри. Объектыр хьэзыр щыхъунур 2018 гъэм и кІэхэрщ. Лъэмыжыр къагъэщІэрэщІэжыху, транспортыр щынагъуэнщэу ижьырабгъумкІэ щызекІуэ зэрыхъунур цІыхухэм гурагъаІуэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Махуэшхуэхэр

НэхъыфІхэм хабжэ

Ищхъэрэм еджапІэ нэхъыщхьэу щыІэхэм я лІыкІуэхэр, Москварэ Донецк Республикэмрэ къикІа хьэщІэхэр, нэгъуэщІхэри.

- Университетыр къыщызэІуаха яп махуэхэм щегъэжьауэ ар хуолажьэ щІэныгъэ зыбгъэдэлъ щІэблэ лъэпкъым хуэгъэсэным. Илъэс 85-м кьырыбыдэу абы ехьулІэныгъэшхуэхэр зыІэригъэхьащ, мы зэманым ар къэралым и апхуэдэ еджапІэ нэхъыфІхэм хабжэ. Дэ диІэщ дызэрыгушхуэн еджакІуэхэр, абыхэм ягъэсэ студент губзыгъэхэр. Дыщогуфэ адэкІи ди университетым и пщІэр къэзыІэт Іуэхущіафэхэр иІэну, абы къыщІигъэкІ, гъащІэ гъэгум тригъэувэ ныбжьыщІэхэми республикэм, къэралым къахуэщхьэпэн Іэщ Іагъэлі нэсхэр къахэкІыну, - жиІащ зэІущІэр къыщыдэкІуэу, лъэпкъым я хабзэр хуэмэнымкІэ, щэнхабзэр ядэІыгъэныкІэ КъБКъУ-ми АКъУ-ми кьалэныщхуэ я пщэ къызэрыдэхуэр икІи а Іуэхугъуэм теухуауэ еджапІитІми лэжьыгъэшхуэ зэрыщекІуэкІыр.

Урысей этнографие музейм и унафэщІ Грусман Владимир КъБКъУ-м мызэ-мытІэу щыхьэщІащ. Абы и гуапэу къыхигъэщащ ди щІалэгъуалэр я гъэсэныгъэкІэ, зыІыгъыкІэкІэ, я тепльэ къудейкІэ нэгъэщІ еджапІэхэм зыщІихьэлІаэхэм къаззыщхьэщыкІыр, зэрефІэкІыр. Абы гъэщІэгъуэн щыхьэщ мы зэманым ди университетым студент мин 13 зэрыщІэсыр, а бжыгъэр, къапщтэмэ, къэралым и нэхъ университетышхуэхэм щеджэхэм нэхърэ куэдкІэ зэрымынэхъ мащІэр. Апхуэдэу «Этнографие» къудамэм щеджэ щІыху 26-р Урысей этнографие музейм я щІэныгъэр щыхагъэхъуэну и гуапэ зэрыригъэблагъэр жиІащ. КъБКъУ-м абы тыгъэ хуищІащ музейм къыдигъэкІа щІэнгъуэзэр.

ХьэщІэхэр чэзуэрэ утыку къихьащ, университетым и лэжьакІуэхэм яхуэгъэзэ хьэхуэну псалъэ гуапэхэр жаІащ. Абыхэм къыхагъэщащ КъБКъУ-м и ректор Іуэрыгуанэм и дэтхэнэ пычыгъуэми ехьулІэныгъэхэр зригъэгъуэту, гугъуехьэм щхьэдэхьу, егъэджэныгъэм, щІэблэм я гъэсэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэхэр хуищІу къызэрекІуэкІар.

Махуэшхуэ щыхьэкІэ, хьэщІэхэри Іэнэщіу къэкІуэтэкъым, атІэ университетым и пэшхэр зыгъэдэхэн саугъэтхэр - хьэпшап зэмылІэужьыгъэхэр къызэдаашт.

Къызэхуэсахэм я Іэгуауэкіэ утыкум къраШэри, «КъБКъУ-м щІыхь зиІэ и профессор» щІэ лъапІэр зэрыфІащащмкІэ ехьэхуэхуащ Санкт-Петербург дэт «Эрмитаж» музейм и унафащІым и къуэдзэ Вилинбахов Георгий.

Абы фІыщІэ хуищІащ университетым и ректорым, мы еджапІэмрэ музеймрэ яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэр нэхъри нэхъ куу хуэным абы и зэфІэкІхэр адэкІи зэрыхуигъэзэнри жиІащ.

ГуфІэгъуэ зэІущІэм и зы Іыхьэу, КъБР-м и министерствэм, Парламентым я ІлыкІуэхэм ягъэлъэпІащ, щІыхь тхыльхэр ирагащ университетым и лэжьакІуэхэм я пресс-лъэныкъуэм.

СОЛГАЛОВЭ Наталье,

КъБКъУ-м и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ.

● Конференцэр

«Кавказым мамырыгъэ илъын папщІэ» фестивалым хэтхэр КъБКъУ-м щохъэщІэ

Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым жэпуэгъуэм и 11-м къыхуеблэгъащ Ипщэ федеральнэ университетым и лІыкІуэхэр, «Кавказым мамырыгъэ илъын папщІэ - Налшык-2017» щІыналъэ конференцыр абы щрагъэкІуэкІын папщІэ.

КОНФЕРЕНЦЫР ирагъэкІуэкІ студентхэм я щІэныгъэ, творческэ фестивалым, «Кавказым мамырыгъэ илъын папщІэ» зыфІащам, хьихьэу. Проектым и мурадыр пъэпкъхэм яку зэгурыІуэныгъэ дэлъным хуэлэжьэныкІ, лъэпкъ зэныкъуэкъуэр къэмыгъэхъунырэ, зэгуэнгъэу щІыналъэхэм щыпсэуэхэм яку дэлъ зэныбжьэгъуГъэ зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэнырщ, абы хуэунэтІа къэрал политикэ егъэкІуэкІыным лъабжьэ къыхуэзгъэпэщынырщ.

Фестивалым хьихьэу ирагъэкІуэкІынущ «Дэ дызэкъуэтщ» автомобиль къэрал, Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ округэм я щІыналъэхэр зэщІагъэхьэу. Абы хьихьэу ирагъэкІуэкІынущ щІэныгъэ къэхутэныгъэхэр, конференцхэр, апхуэдэуи я проектхэр ягъэлъэгъуэнущ.

Ростов къикІахэм университетым и пэІущІэ пэшым деж джэгу дахэкІэ къыщыпежьащ, ерыскъыи къыпрахьэжьащ. Абы и ужькІэ хьэщІэхэр Темыркъан Хьэту и цІэр зезыхьэ щэнхабзэ центрым ирагъэблэгъащ икІи конференцыр абы щрагъэкІуэкІащ.

ЗэІущІэм къырихьэлІахэм фІэхъус псалъэкІэ захуигъэзащ КъБКъУ-м гъэсэныгъэ щІэныгъэмрэ социальнэ Іуэхуэмкіэ и проректор Къумыкъу Іуэес. «Фэ фыкъыхьэлІащ КъБКъУ-м и юбилейм. Псори фыкъыщоблагъэ абы теухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэхэм фыкъыддыхэтыну. Мыдрейуэ, «Кавказым мамырыгъэ илъын папщІэ» фестивалым ехьулІэныгъэхэр иІэну, иджыри илъэс куэдкІэ ар екІуэкІыну сохъуэхъу», - жиІащ проректорым.

Ипщэ федеральнэ университетым социальнэ, щІалэгъуалэ политикэмкІэ и департаментым и Іэтащхьэ, проектым и унафэщІ Аслъэн Яковэ къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ фестивалыр къыззрежьам, абы и къалэнхэм. «Мы зэманым Урысей Федерацэм и щІыналъэм терроризмэмрэ лъэпкъхэр зэщыгъэІеиныжрэ хуэлажьэжьам я щхьэ къыщІэтыну зэрыхуежьам уегъэпІейтей. Абы пыщІа гугъуехьэкІэ нэхъ нэрылъагъу щыхъэжьам ящыщу Урысейм и Ипщэ щІыналъэр икІи щыІэ хьуа щытыкІэр нэхьыбэу зыжьэуэр къыдэкІуэтей щІэблэщІу. Дэ ди мурадщ цІыхухэм зэхудахьыну, дэтхэнэ зы лъэпкъми зэхэтыкІэ-щэнхабзэ хэха зэриІэжьыр къагурыІуэу зэдекІуэкІыным щІалэгъуалэр къыхуедджну, хуэдущиину. Ар тхуэзфІэкІынущ, Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэхэм я студентхэр зэпытщІэфмэ. ДызэІущІа нэужь дэ нэхъыфІу щыгъуазэ дыхьэнущ щІыналъэхэм щыпсэу лъэпкъ псоми я тхьдэм, щэнхабзэм», - къыхигъэщащ Аслъэныр.

Ипщэ федеральнэ университетым социологиемрэ щІыналъэхэр джыныжмкІэ и институтым и унафэщІ Сериков Антон къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ КъБКъУ-м щрагъэкІуэкІынухэм я программмэм. Абы хохьэ Ипщэ федеральнэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетхэм я студентхэм ягъэхьэзыра докладхэм едэІуэныжрэ абыхэм тесэлъыхьыжьыныжрэ, секцэхэм щекІуэкІыну лэжьыгъэхэр, стІол хъурейхэмрэ я проектхэм я презентацэхэмрэ.

СОЛГАЛОВЭ Наталье,

КъБКъУ-м и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ.

Ди газетым зэрытетащи, иджыблагъэ Іэтауэ ягъэлъэпІащ Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр илъэс 85-рэ зэрырикъуар.

МАХУЭ зыбжанэкІэ екІуэкІа гуфІэгъуэ Іуэхугъуэхэм щыпащат университетым и щІыхьэпІэ хуитышхуэм. ХьэщІэхэм икъуэкІэ ягу ирихьащ, икІи гъэщІэгъуэн ящыхъуащ, адыгэ, балъкъэр, урыс щэнхабзэхэм я центрхэм къызэрагъэпэща лъэпкъ гъэльэгъуэныгъэхэр, абыхэм я фащэхэр, я щхьныгъуэхэр, кьафэхэр, зэрахьэу щыта зэшпышпхэм хуэхаха плІанэпхэр. Апхуэдэу КъБКъУ-м и къудамэхэмрэ абы кьыгухьэ колледжхэмрэ хуэхаха плІанэпхэми щагъэуват лъэпкъ щхьныгъуэхэмкІэ уэзэд Іэнэхэр. Фащэ дахэхэр зыщыІэ ныбжьыщІэхэм хьащІэхэр гуапэу ирагъэблагъэрт, я зэфІэкІхэм щыгъуазэ ящІырт. Абдежым студентхэм я къаруКІэ утыкум щызэхаубла зэпеуэ, джэгуКІэ хьэлэмэтхэм щалэрагъуэр куэду дихьэхат.

Адэкіэ хьэщІэхэмрэ КъБКъУ-м и егъэджакІуэхэмрэ ирагъэблэгъащ Темыркъан Хьэту и цІэр зезыхьэ пэшышхуэм. Университетым и гуфІэгъуэ даІэтыну кьрихьэлІахэм ящыщт КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Азычэ Светланэ**, КъБР-м и профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Амщыкъуэ ФатІимэт**, Санкт-Петербург дэт «Эрмитаж» музейм и унафэщІым и къуэдзэ **Вилинбахов Георгий**, Урысей этнографие музейм и унафэщІ **Грусман Владимир**, Кавказ Ищхъэрэм и федеральнэ университетым и ректор **Левитская Алинэ** и кьэпсэльэныгъэм кьыхигъэщащ я университетымрэ КъБКъУ-мрэ зэрызэпэгъунэгъуэм зэрырипагэр.

- Университетым и екъулІэныгъэхэм дрогуфІэ. ПцІы супсыну кьыщІэкІынкъым, мы университетым щеджа зыщІэмыс зы унагъуэ мы щыпІэм зэрыщымыІэр жысІэмэ. Абы кьыхэкІыу, мы еджапІэр республикэм и гъащІэм хэухэнауэ щытщ. ЦІыхум унэ щищІкІэ япэу зэгупсысыр гъунэгъу хуэхъунур зыхуэдэрщ. Дэ ди университетыр щІалэщ, икІи дыщогугъ ди гъунэгъуфІ КъБКъУ-р дэркІэ дэІэпыкъуэгъуфІ хъуну, - жиІащ Левитская Алинэ.

Адыгей къэрал университетым и ректор **Хъунэгу Рашид** и хъуэхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу псоми яхуэгъэзат. Абы кьыхигъэщащ щІалэгъуалэм щІэныгъэ ябгъэдэлъхьэныр кьыдэкІуэу, лъэпкъым я хабзэр хъумэныжмкІэ и министерствэ я ІлыкІуэ Юрий и видео зыхуэгъэзэныгъэр къагъэльэгъуащ.

ГуфІэгъуэ зэІущІэм кьрихьэлІахэр университетым и лэжьакІуэхэмрэ студентхэмрэ ехьэхуэхуащ я махуэшхуэмкІэ.

Зихуэдэ щымыІэ Котляров Виктор 65

Куэдым хунэс

Котляров Виктор Николай и къуэр 1952 гъэм жэпуэгъуэм и 17-м Налшык къалэ къыщалъхуащ. 1970 - 1975 гъэхэм ар щеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. Ар къиуха нэужь «Советская молодежь» газетым щылэжьащ (1982 гъэ пщІондэ), япэщыкІэ корреспонденту, итІанэ редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу. 1982 - 1988 гъэхэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэщ1ым и дэІепыкъуэгъуэщ, 1991 - 1992 гъэхэм «Республика» газетым и редактор нэхъыщхьэщ.

1992 ГЪЭМ щыщІэдзауэ «Эль-Фа» тхылъ тедзапІэм и унафэщІу щытащ. 1992 гъэм щегъэжьауэ «Полиграфсервис и Т» (2005 гъэм «Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэ» хъуащ) тхылъ тедзапІэм, урысыбзэкІэ къыдэкІ «Эльбрус» журналым (1989 гъэ лъандэрэ) я редактор нэхъыщхьэщ.

УФ-м и Журналистхэм (1975), и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэхэм (1998) хэтщ. 1984 гъэм «Юности горячие сердца», «Строим страну - строим себя» тхылъхэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолым и саугъэтым и лауреат хъуащ, «Имена. Времена» зыфІища тхылъхэм щхьэкІэ 2003 гъэм Виктор кьыхуагъэфащащ. Гъуазджэхэм-кІэ европей академием (Брюссель) и дамыгъэ нэхъыщхьэр, 2007 гъэм ди республикэм и ЩІыхь тхылъыр къратащ. Ар ЩІДАА-м и академикщ (2010), КъБР-м щІыхь зиІэ и журналистщ (2011).

2000 гъэм щыщІэдзауэ абы езым и тхылъ 60-м щІигъу дунейм ыхьтехьащ. Абыхэм ящышщ уэсхэр чету томитІ хъуэ кьыдэкІа «Времена сердца» тхылъыр, Щоджэнцыкіу Алий и гъащІэмрэ и творчествэмрэ теухуа «Ты создал мир. И он велик», «Я тот кто будет... Книга о ректоре Владимире Тлостанове», «Ладони протяни к огню души моей... Книга о Мухадине Кишеве и Жаклин Мосс», «Адыги: сердца и судьбы», «Балкария: боль и гордость. Книга о мудром кузнеце Кязиме Мечиеве».

«Родной ландшафт» кьыдэкІыгуэхэм хьхьэу тхылъ 50-м щІигъу игъэхьэзыращ. Абы хохьэ «Кабардино-Балкария: жемчужина Кавказа» сурэтхэр зэрыт тхылъи 8-р, «Необъяснимое. Непознанное. Невероятное», «Занимательное. Забытое. Загадочное», «Кабардино-Балкария: заповедная страна», «Причастные к стране чудес», «За тайнами и чудесами», «Черкесы: воины и мастера», «Живописная Кабардино-Балкария» кьыдэкІыгуэхэр, нэгъуэщІхэри.

Тхылъ кьыдэгъэкІын Іэхъум зэрыхэт илъэс 25-м хъируибыдэу Котляров Виктор зыхэлэжьыхьыжу кьыдигъэкІахэм я бжыгъэр мини 4-м щІегъу.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Котляров Виктор

Котляровхэр Мариерэ Викторрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ журналистхэщ, тхылъ къыдэгъэкІын Іэнатіэм и Іэщ1агъэлі нэсхэщ.

ЩІЫНАЛЪЭМ щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэмрэ этнографиемрэ теухуауэ абыхэм я Іэдакъэм монографие куэд кьыщІэкІащ, щІэныгъэ-къэхутэныгъэ зэмылІэужьыгьуэхэр ирагъэкІуэкІащ, дэфтэр кьыдэкІыгуэ зыбжанэ зэхагъэващ. А хэкупсэ нэсхэм я лжьыбгъэр сэбэп мэхъу Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысеймрэ щыпсэу лъэпкъхэр нэхъ гъунэгъу зэхуэхьуныжкІэ, щІыналъэм исхэм я щІэнхабзэр нэхъыбэм кьеГъэщІыхуныжкІэ.

Хамэ щэнхабзэр, хабзэр нэхъ кууэ щызэбгъащІэкІэ ар зэй лъэпкъхэм я «псэр» зыхыбощІэ, уеблэмэ лъэпкъэм зэхуэдэ лъапІэныгъэ куэд зэрагъэпи наІуэ мэхъу. Лъэпкъ зэмылІэужьыгьуэ куэд щыпсэу къэралыгъэ лъэщым и лъабжьэр зэтезыІыгъэр, псом япэрауэ, абыхэм я щэнхабзэ кьулейрщ, абы кьыкІэлъыкІуэу аращ экономикэмрэ политикэмрэ. Мыбдеж гум кьокІыж Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм щІэныгъэ къахуэзыхьа кьызэрыгуэкІ урыс егъэджакІуэхэр, зыгуэр кьыхуащІэжьинкІэ щымыгугъэу, ахэр гъащІэм и нэхум хэзышахэр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, урыс щэнхабзэм и хабзэ дахэ куэд нобэрей ди зэман гугъэм щытхузэхьумакъым.

Хэт хьуну атІэ Котляровхэ? Бгырыс лъэпкъым я щэнхабзэм зэрысабийрэ щыгъуазэ, абы и нэхъыфІ псори зыхэзылъхьа икІи а хабзэ дахэхэр Урысейм и хъугъэфІыгъуэ нэхъыщхьэу кьеГъэльытэныр гъащІэм мураду зыщызыхуэзыгъуэвыжа урыс цІыхухэщ.

СТЕПАШИН Сергей,
Урысей тхылъ зэгухьэныгъэм и президент. Москва.

Жэуапхэр къегъуэт

Къэбэрдей-Балъкъэрым и этнографиер, тхыдэ публицистикэр, феноменологиер уи нэгу кьыпхущІэгъэхьэркъым, Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я лэжьыгъэ хьэлэмэтхэр хэмыту.

КОТЛЯРОВ Виктор зи Хэкум, псом хуэмыдэу езыр кьыщалъхуа икІи кьыщыхъуа Кавказым, и гъащІэ псор зыхуигъэпса Къэбэрдей-Балъкъэрым лъагъуныгъэ гуащІэ хузиІэ цІыхущ. Журналистым, тхакіуэм, къэхутакіуэм хузэфІэкІ псори ещІэ ди республикэ дахэр зэрыкъуфлей щІыхьпс хъугъуэфІыгъуэхэм, абы и тхыдэ кьэхъукъащІэжьм цІыхуэр дегъэхьэхыныжмкІэ икІи езым и ГъусэУ абыхэм къагъэув упщІэхэм я жэуапхэр къалъхьуэну кьыхуреджэ.

И лъахэр кьихутэныр, зихуэдэ щымыІэ абы и дахагъэр и хэкуэгъэхэм гуКи псэкІи зыжеГъэщІэныр Котляров Виктор фІыуэ илъагъуу игъэзащІэ Іэхъущ икІи ар абы хьарзынэу кьоХулІэ. Абы и лэжьыгъэ псоми, и нэмысыфІагъым кьыхэкІыу езым апхуэдэу кьимыльытэми, щІэныгъэ-тхыдэ къэхутэныгъэ лъабжьэ яІэщ. Зы Іуэхугуэ закъуэщ ахэр а зи гугъу тщІым кьиізэрыщхьэщыкІыр: абыхэм авторым узытекІ мыхъун жэуап пыухыкІа кьыщигъэльагъуэркъым, атІэ кьэхъукъащІэр кьыщеІуатэ, езым и нэгу щІэкІа дахагъэр удихьэхыу етхьж икІи тхылъеджэм Іэмал ирет абы езым и гупсысэ, и Іуэху еплъыкІэ кьыхихыну. Уеблэмэ а псор и нэкІэ зригъэльагъуныр іуэгуэнэ трешэ. Тхыдэ публицистикэмрэ феноменологиемрэ я дежкІэ апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм кьызэрымыкІуэу мыхьэнэшхуэ яІэщ.

ГЕЛЯХОВ Абдулых,
КъБР-м и Конституцэ судым и тхьэмадэ.

Кавказым итхьэкъуа

Котляровхэ Мариерэ Викторрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ журналистхэщ, тхылъ къыдэгъэкІын Іэнатіэм и Іэщ1агъэлі нэсхэщ.

ЩІЫНАЛЪЭМ щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэмрэ этнографиемрэ теухуауэ абыхэм я Іэдакъэм монографие куэд кьыщІэкІащ, щІэныгъэ-къэхутэныгъэ зэмылІэужьыгьуэхэр ирагъэкІуэкІащ, дэфтэр кьыдэкІыгуэ зыбжанэ зэхагъэващ. А хэкупсэ нэсхэм я лжьыбгъэр сэбэп мэхъу Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысеймрэ щыпсэу лъэпкъхэр нэхъ гъунэгъу зэхуэхьуныжкІэ, щІыналъэм исхэм я щэнхабзэр нэхъыбэм кьеГъэщІыхуныжкІэ.

